

# **Lekòl Leta Miami-Dade County** **Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

---

Non Elèv

---

Non Paran/Gadyen

---

Nimewo Idantifikasyon Elèv

---

Dat

---

Mak/Modèl Aparèy Mobil la

Elèv ak paran silvouplè enprime enfòmasyon anwo a yon fason ki klè e mete inisyal nou sou chak paj kontra a.

## **AKÒ POU ELÈV SÈVI AK APARÈY ÒDINATÈ MOBIL**

Akò sa a fèt ant Komisyon Konsèy “Miami-Dade County Public Schools” (Lekòl Leta Miami-Dade County, n ap rele pi devan (“M-DCPS”) ak elèv la (“Elèv”) e paran/gadyen (“Paran”) ki ekri nan kwen goch anlè Akò sa a e li anvigè nan dat siyati anba a. M-DCPS ak Elèv la e Paran an dakò sou sa ki ap suiv yo:

**A. Bi Akò a.** M-DCPS kontan pou li mete yon aparèy òdinatè mobil disponib pou sèvis Elèv la an koneksyon avèk etid li nan Lekòl Leta Miami-Dade County. M-DCPS achte aparèy mobil sa yo sèlman pou sèvis edikasyonèl elèv ak pwofesè. Pèmision pou Elèv la sèvi ak aparèy mobil la depann totalman de tèm ak kondisyon Akò sa a.

Pou bi Akò sa a, tèm “aparèy mobil” oubyen “aparèy òdinatè mobil” ap refere a mak e modèl ki nan lis anlè a ansanm ak tout akseswa ki akonpaye li (egz. kòd elektrik; batri; sourit) yo resevwa avèk aparèy òdinatè mobil la oubyen jan yo ka ofri Elèv la li detanzantan pou sèvi anba Akò sa a.

## **B. Dwa ak Responsablite Elèv la.**

1. **Tèm Itilizasyon aparèy Mobil la.** Yo ap bay Elèv la dwa pou sèvi ak aparèy òdinatè mobil la pandan li enskri nan Lekòl Leta Miami-Dade County, men pa pita pase Dat pou Akò a Fini. Se Règ Komisyon Konsèy Lekòl 7540.03 - “STUDENT RESPONSIBLE USE OF TECHNOLOGY, SOCIAL MEDIA, AND DISTRICT NETWORK SYSTEMS” (FASON RESPONSAB POU ELÈV ITILIZE TEKNOLOJI, MEDYA SOSYAL, AK SISTÈM REZO DISTRI A) ki ap gouvène itilizasyon aparèy mobil sa a. (<http://www.neola.com/miamidade-fl/>)
2. **Remèt M-DCPS aparèy Mobil la.** Dwa Elèv la pou l sèvi ak aparèy mobil la ap tèmine e Elèv la ak Paran an dwe remèt M-DCPS aparèy mobil la nan espas senk jou lè nenpòt nan evènman ki ap suiv yo rive:
  - a. Itilizasyon aparèy mobil Elèv la ekspire jan yo di li nan seksyon B.1 anwo a;
  - b. Elèv la pa nan Lekòl Leta Miami-Dade County ankò
  - c. M-DCPS bay Elèv la yon avi senk jou li dwe remèt aparèy mobil la; oubyen
  - d. Elèv la pa ranpli obligasyon li anba Akò sa a.

A nenpòt moman pandan tèm Akò sa a e lè yo remèt Lekòl Leta Miami-Dade County aparèy mobil la, M-DCPS pap gen okenn responsablite pou kèlkeswa pèd, destriksyon, move itilizasyon, konpwomi oubyen absans kèlkeswa enfòmasyon oubyen done ki egziste nan aparèy òdinatè mobil la. Si yo pa remèt aparèy mobil la, M-DCPS kapab egzèse opsyon ki nan Lwa Eta Florid pou materyèl enstriksyonèl yo pa remèt ki gen ladan, men ki pa limite a,

## **Lekòl Leta Miami-Dade County** **Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

sispann patisipasyon Elèv la nan aktivite andeyò salklas oubyen fè Elèv la peye dèt la atravè aktivite sèvis kominotè. M-DCPS kapab sèvi ak nenpòt oubyen tout solisyon legal nan fason li ap ranfòse Akò sa a.

3. **Materyèl.** Elèv ak Paran ap gen responsablite pou tout materyèl yo mande an koneksyon avèk aparèy òdinatè mobil la e pou yo remèt materyèl sa yo. Tout materyèl yo, ki gen ladan disk, ak lòt aparèy pou estoke enfòmasyon, dwe satisfè tout espesifikasyon ki aplikab ak fabrik aparèy mobil la, e yo dwe konpatib ak sistèm fonksyonman aparèy mobil la, e yo pa dwe itilize yo nan yon fason ki ap lakoz domaj nan aparèy mobil la.
4. **Modifikasyon ak Atachman.** Elèv ak Paran pa dwe fè okenn modifikasyon oubyen ajoute atachman, ekipman, oubyen pwogram nan aparèy mobil la san yon pèmasyon espesifik ekri ki soti nan M-DCPS, e pèmasyon sa a dwe opsyon M-DCPS sèlman. Yo bay elèv la aparèy mobil sa a sèlman pou itilizasyon edikasyonèl e kèlkeswa itilizasyon yo konsidere ki pa konsistan ak bi sa a jan administratè lekòl yo oubyen pèsònèl Distri yo detèmine sa, oubyen ki an vyolasyon ak règ Komisyon Konsèy Lekòl yo, lwa Eta ak Federal, oubyen Chapit 815 Lwa Florid kondane, y ap konsidere li kòm yon vyolasyon materyèl Akò sa a, ki mande pou elèv la remèt aparèy mobil la imedyatman bay M-DCPS.
5. **Livre e Remèt.** Elèv ak Paran responsab pou transpòtasyon aparèy òdinatè mobil la pou toude, livre li bay Elèv la e remèt li bay M-DCPS. Yo dwe livre e remèt aparèy mobil la nan lekòl elèv la.
6. **Risk pou Pèdi.** Elèv ak Paran dakò depi lè yo aksepte resevwa aparèy mobil la e jiskaske yo remèt li bay M-DCPS nan kondisyon orijinal li, eksepte izaj natirèl, Elèv ak Paran ap responsab pou kèlkeswa sa ki pèdi oubyen ki andomaje ladan. Si aparèy òdinatè mobil la pèdi, yo vòlè li, detui li, andomaje li, kote pri reparasyon yo depase valè aparèy mobil la oubyen an ka gouvènman an deside konfiske, sezi oubyen pran li, oubyen si yo pa remèt aparèy mobil la bay M-DCPS nan lè sa dwe fèt e nan espas tan ak fason Akò sa a mande, lè sa a Elèv la ak Paran an ap gen responsablite anè M-DCPS imedyatman lè yo mande peye yon montan M-DCPS kalkile ki egal ak frè total pou ranplase aparèy mobil la nan lè li te pèdi a. Se Elèv la ak Paran an ki responsab pou risk Ekipman oubyen pwogram yo depanse pou ajoute sou aparèy mobil la, e yo pap konsidere yo nan evalye pri aparèy mobil la lè y ap vann li. Si yon pati nan aparèy mobil la andomaje, men li reparab, Elèv la ak Paran an ap responsab pou depans reparasyon objè sa a si li pa kouvri anba garanti fabrik la. Si M-DCPS pa resevwa peman an, li ka egzèse opsyon yo jan yo dekri li nan Lwa Eta Florid pou lè yo pa retounen materyèl enstriksyonèl ki gen ladan, men ki pa limite a, sispann patisipasyon Elèv la nan aktivite andeyò salklas oubyen Elèv la ap peye dèt la atravè aktivite sèvis kominotè. Elèv ak Paran konprann e yo dakò, pi devan, yo pran angajman e yo dakò avèk orè Frè Rekouvreman Teknoloji ki anndan dokiman sa a e ki fè pati Akò sa a.
7. **Avi pou Pèd, Domaj, oubyen Move Fonksyonman.** Elèv ak Paran dakò pou avize M-DCPS imedyatman lè gen kèlkeswa pèd, domaj, oubyen move fonksyonman nenpòt pati nan aparèy mobil la pou kèlkeswa rezon an, e M-DCPS, dapre opsyon li genyen, kapab lè sa a sispann dwa Elèv la pou l itilize aparèy mobil la e nenpòt dwa Elèv la ka genyen pou li kontinye patisipe nan pwogram aparèy mobil la. Si yo vòlè aparèy la andeyò teren/anplasan lekòl la, paran an dwe kontakte depatman polis Konte minisipal ki apwopriye a e ranpli yon rapò polis. Paran dwe avize tou pèsònèl lekòl ki konsène a e bay nimewo rapò polis la.
8. **M-DCPS ap Fè Enspeksyon.** Lè yo bay yon avi rezonab, Elèv ak Paran ap pèmèt moun M-DCPS deziyen pou egzamine aparèy òdinatè mobil la, nan yon lè M-DCPS chwazi.

# **Lekòl Leta Miami-Dade County** **Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

## **C. Dwa ak Responsablite M-DCPS**

1. **Posesyon aparèy Mobil la.** Aparèy òdinatè mobil la se pwopriyete M-DCPS e l ap rete pwopriyete li.
2. **Aplikasyon Garanti Fabrik la.** Lè nou resevwa demand ekri nan men Elèv ak Paran pandan peryòd Akò sa a, M-DCPS ap detèmine si l ap fè tout efò rezonab pou l aplike kèlkeswa garanti fabrik la, ouvètman oubyen vwale, li bay sou aparèy òdinatè mobil la oubyen ki aplikab pou li, e M-DCPS kapab aplike nan pwòp non li. M-DCPS ap fè efò rezonab pou jwenn tout sèvis fabrik la ap founi Elèv ak Paran an koneksyon avèk sa; a kondisyon, sepandan, M-DCPS pap pran obligasyon pou kòmanse oubyen antre nan okenn litij pou aplike yon tèl garanti. Si Elèv ak Paran ka aplike garanti sa a nan pwòp non li, aprè li resevwa yon demand ekri nan men M-DCPS pandan peryòd Akò sa a, Elèv ak Paran dwe pran tout aksyon rezonab M-DCPS mande pou aplike garanti sa a, e Elèv la dwe jwenn pou M-DCPS tout sèvis fabrik la founi an koneksyon avèk sa. **M-DCPS PAP GEN OKENN RESPONSABLITE DITOU POU PÈD, DESTRIKSYON OUBYEN MOVE ITILIZASYON KÈLKESWA ENFÒMASYON, PWOGRAM OUBYEN DONE KI EGZISTE NAN EKIPMAN AN. PWOTEKSYON AK REZÈV DONE KI NAN EKIPMAN AN OUBYEN POU EKIPMAN AN SE RESPONSABLITE PARAN AK ELÈV LA SÈLMAN.**

## **D. Avètisman sou Garanti ak Solisyon e Piblikasyon**

1. **Avètisman sou Garanti.** Eksepte si gen endikasyon nan dokiman sa a ki kontrè ak sa nou mansyone la a, M-DCPS pa bay okenn garanti, swa ouvètman oubyen vwale, e li pa dwe, paske li achte aparèy òdinatè mobil la ki kouvri anba Akò sa a, fè kèlkeswa reprezantasyon oubyen bay garanti sou valè komèsyal, eta, fòm, oubyen kondisyon, oubyen kalite materyèl oubyen travay nan aparèy òdinatè mobil la. M-DCPS rejte ouvètman tout garanti ki pa mansyone la a. M-DCPS pa bay garanti, fonksyon ki nan aparèy òdinatè mobil la ap satisfè demand, oubyen bezwen Elèv la, aparèy òdinatè mobil la ap fonksyone san entèripsyon oubyen san erè.
2. **Solisyon sou Garanti.** Nan okenn sikonstans M-DCPS pap pote responsablite pou Elèv la, Paran an oubyen kèlkeswa lòt moun pou domaj yo sibi, ki gen ladan domaj endirèk, depans, defisi, pèt lajan yo te ekonomize, oubyen lòt domaj ki soti nan itilizasyon oubyen enkapasite pou sèvi avèk aparèy òdinatè mobil la.
3. **Dispans pou Responsablite.** Pou e an konsiderasyon itilizasyon otorize ki ap fèt avèk pwopriyete M-DCPS (aparèy mobil) la, paran, elèv, eritye ak reprezantan li, rekonèt nan dokiman sa a yo resevwa materyèl la, e yo renonse, lage, kite, e pou toutan, dispans Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County, Florid (M-DCPS), ajan, reprezantan, asirè, siksesè, anplwaye, pwopriyetè, ofisyè, direktè, administratè, asosye, ak konpayi li, de nenpòt e tout responsablite, koz aksyon, pwosè, dèt, balans, domaj, ki gen ladan domaj e enterè ak peman penalite, blesi, ki gen ladan lanmò nenpòt moun, oubyen domaj sou pwopriyete, oubyen kèlkeswa nati domaj la, sòm lajan, kont an bank, estimasyon, frè pou avoka, bon, fakti, angajman, kontra, dezakò, akò, pwomès, reklamasyon, ak demand pou kèlkeswa espès oubyen nati a, devan lalwa oubyen lajistis, elèv la oubyen paran an te janm genyen, genyen kounye a, oubyen nenpòt reprezantan pèsonèl, siksesè, manm fanmi, eritye, oubyen benefisyè elèv oubyen paran genyen kounye a oubyen kapab vin genyen aprè kont Komisyon Konsèy Lekòl la oubyen M-DCPS, ki soti, dirèkteman oubyen endirèkteman, nan Akò sa a oubyen nan itilizasyon oubyen posesyon aparèy mobil M-DCPS ofri a. Paran an ak elèv la dakò, anplis, yo ap pwoteje, defann, e kenbe Komisyon Konsèy Lekòl (M-DCPS) inosan nan

## **Lekòl Leta Miami-Dade County Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

kèlkeswa oubyen tout

reklamasyon ki se konsekans move

itilizasyon elèv la oubyen paran an fè avèk aparèy mobil nou remèt elèv la selon Akò sa a.

### **E. Varyete**

1. **Okenn Tyès Pèsòn kòm Benefisyè.** Pati yo rekonèt klèman yo pa gen entansyon pou yo kreye oubyen pase okenn dwa oubyen obligasyon bay oubyen sou yon twazyèm moun oubyen antite anba Akò sa a. Nou pap entèprete anyen nan akò a kòm konsantman yon ajans oubyen sibdivizyon politik Eta Florid pou yon tyès pèsòn ta fè pousuit jidisyè nan kèlkeswa sityasyon ki ta soti nan kèlkeswa kontra a.
2. **Aprè Ekspirasyon Akò a.** Pwovizyon sa yo ki selon nati yo, fèt pou kontinye egziste aprè ekspirasyon, anilasyon oubyen sispansyon Akò sa a, ki gen ladan kòm egzantp sèlman, pwovizyon sou dedomajman, ap egziste aprè ekspirasyon, anilasyon oubyen sispansyon Akò sa a.
3. **Sispansyon Pou Komodite.** Komisyon Konsèy Lekòl la bay tèt li dwa pou li sispann Akò sa a nenpòt lè pou kèlkeswa rezon an aprè li fin bay paran an oubyen elèv la yon avi trant (30) jou. Nan ka kote Akò sa a ta sispann pou komodite, jan yo deklare sa nan dokiman an, Komisyon Konsèy Lekòl la ap libere li de tout obligasyon anba Akò sa a.
4. **Lwa ak Jiridiksyon Prensipal.** Se lwa Eta Florid ki dwe gouvène e entèprete Akò sa a. Nan ka kote genyen yon litij, jiridiksyon pou nenpòt reklamasyon ap chita eksklizivman nan yon tribinal jiridiksyon konpetan nan Miami-Dade County. Tout pati yo dwe responsab pou frè ak depans pwòp avoka yo.

### **Frè Rekouvremant pou Teknoloji:**

Nou atann pou elèv remèt òdinatè a nan menm kondisyon yo te resevwa li a. Pandan nou ap pran an konsiderasyon izaj natirèl yo, elèv ki maltrete ekipman an ap peye penalite pou sa. Elèv ap fè fas a obligasyon finansye yo si nenpòt nan sa ki suiv yo rive. Anba a n ap wè frè pou reparasyon pou divès aparèy mobil ak akseswa yo itilize nan Lekòl Leta Miami-Dade County kòm yon pati nan Inisyativ Konvèjans Dijital la.

#### **Reparasyon Pyès pou “HP Notebook 210 G1” (Laptop)**

Fabrik	Deskripsyon	Frè Total pou Reparasyon*
HP	“Notebook 210 G1” (ranplasman Laptop sèlman)	\$ 537.84
HP	Adaptè Elektrik (45 watt) – ki Pèdi/Yo Vòlè	\$ 67.00
HP	Ekipman pou Kamera Videyo avèk Entènèt e mikwofòn	\$ 85.00
HP	Batri – San Garanti pou Domaj – “6-cell lithium-ion (Li-Ion), 66Wh”	\$ 96.00
HP	Ekran ki Fraktire oubyen Kraze	\$ 326.00
HP	Kouvèti Anlè avèk Klavye	\$ 195.00
HP	Kès Debaz	\$ 133.50
HP	Disk Mayetik “500GB 5400RPM SATA”	\$ 180.00

\* *Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; Pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

#### **Reparasyon Pyès pou “HP ProBook 11EE” (Laptop)**

Fabrik	Deskripsyon	Frè Total pou Reparasyon*
HP	“ProBook 11EE (ranplasman Laptop sèlman)”	\$ 436.33
HP	Adaptè Elektrik “45W SMART”	\$ 38.00
HP	Ekran ki Fraktire oubyen Kraze	\$ 436.33

\* *Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; Pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

## **Lekòl Leta Miami-Dade County Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

### **Reparasyon Pyès pou “HP Elitepad 900” (Tablet)**

<b>Fabrik</b>	<b>Deskripsyon</b>	<b>Frè Total pou Reparasyon*</b>
HP	“ElitePad 900” Tablet (ranplasman tablèt la sèlman)	\$ 345.33
Adesso	“Ti Klavye (“Adesso” oubyen youn ki gen menm Valè)	\$ 19.66
HP	Adaptè Elektrik (10 watt, pou ploge nan mi) – ki Pèdi/Yo Vòlè	\$ 25.00
HP	Bwat Rezistan pou “EP900”	\$ 30.00
HP	Ekipman pou Kamera Videyo – ki gen ladan yon kamera 1080p ki gade devan e yon kamera 8MP avèk flach LED ki gade dèyè	\$ 109.00
HP	Batri – San Garanti pou Domaj – “2-cell lithium-ion (Li-Ion), 25Wh”	\$ 109.00
HP	Bwat ki andomaje pa anba – gen ladan mekanis pou bouton limen/etenn ak ouvèti ki gen kwochè	\$ 179.00
HP	Ekran ki Fraktire oubyen Kraze	\$ 345.33
HP	Sipò Rezistan pou Bwat	\$ 10.00
HP	Manch Rezistan pou Bwat	\$ 10.00
HP	Adaptè USB pou “ElitePad 3.0” (Konektè)	\$ 15.00
HP	Bretèl Rezistan pou “EP HC”	\$ 29.00
* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; Pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.		

### **“HP Pro Tablet 10 EE G1” (Tablet)**

<b>Fabrik</b>	<b>Deskripsyon</b>	<b>Frè Total pou Reparasyon*</b>
HP	“Pro Tablet 10 EE G1” (Ranplasman Tablet la sèlman)	\$ 345.33
HP	Klavye Detache	\$ 40.00
HP	Adaptè Elektrik – ki Pèdi/Yo Vòlè	\$ 25.00
HP	Egui (pou jwe plak)	\$ 19.00
HP	Ekran ki Fraktire oubyen Kraze	\$ 345.33
HP	Kouch Pwotektif (Ranplasman	\$15.00
* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; Pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.		

### **“HP X360-310 Convertible (Tablet) (Tablèt HP X360-310 Detachab)**

<b>Fabrik</b>	<b>Deskripsyon</b>	<b>Frè Total pou Reparasyon*</b>
HP	“HP X360-310 Convertible” (Ranplasman Tablèt la sèlman)	\$ 347.49
HP	Adaptè Elektrik AC - Pèdi/yo Vòlè	\$ 25.00
HP	Ekran ki Fraktire oubyen Kraze	\$305.00
HP	Jwen ak Kouvèti ki Kraze	\$165.00
HP	Klavye ki Andomaje	\$164.00
HP	Adaptè Elektrik	\$125.00
HP	Batri	\$ 89.00
* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; pri yo ka chanje parapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.		

**Lekòl Leta Miami-Dade County**  
**Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

**Lenovo X131E (Laptòp)**

Fabrik	Deskripsyon	Frè Total pou Reparasyon*
Lenovo	Lenovo X131E (ranplasman Laptop sèlman)	\$ 325.00
Lenovo	Adaptè Elektrik Pèdi/Vòlè	\$ 45.00
Lenovo	Fil Kab DC	\$ 55.50
Lenovo	Ekran LCD Fraktire	\$ 159.00
Lenovo	Bwat Ekran Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Klavye Domaje	\$ 65.00
Lenovo	Klavye 'Bezel' Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Bouton Bwat Domaje	\$ 65.00
Lenovo	'Track Pad' Kraze/Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Devan Kouvèti 'Bezel' LCD	\$ 59.00
Lenovo	Kwochèt pou Pandye LCD	\$ 65.00

*\* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; Pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

**Lenovo X230 (Laptòp)**

Fabrik	Deskripsyon	Frè Total pou Reparasyon*
Lenovo	Lenovo X230 (ranplasman Laptop sèlman)	\$ 454.00
Lenovo	Adaptè Elektrik ki Pèdi/Vòlè	\$ 45.00
Lenovo	Fil Kab DC	\$ 55.50
Lenovo	Ekran LCD Fraktire	\$ 159.00
Lenovo	Bwat Ekran Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Klavye Domaje	\$ 65.00
Lenovo	Klavye 'Bezel' Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Bouton Bwat Domaje	\$ 65.00
Lenovo	'Track Pad' Kraze/Domaje	\$ 75.00
Lenovo	'Track Pad' Kraze/Domaje	\$ 59.00
Lenovo	Devan Kouvèti 'Bezel' LCD	\$ 65.00

*\* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

**MacBook Air 11" & 13"**

Fabrik	Deskripsyon	Frè Total pou Reparasyon*
Apple	Klavye Òdinatè Pòtab (ki gen ladan Bwat Anlè a)	\$150.00
Apple	Ekran ki Detwi/Fraktire /Kraze	\$600.00
Apple	Adaptè Elektrik AC (3 pyès) ki Pèdi/yo Vòlè	\$ 80.00
Apple	(ti adaptè) ki Pèdi/yo Vòlè	\$25.00
Apple	'Mag Safe Port' ki Fraktire Kraze	\$150.00
Apple	'Trackpad' ki Andomaje	\$150.00
Apple	'Port, DVD Drive' ki Andomaje	\$150.00
Apple	'Clam Shell' oubyen 'Bottom Plate' ki Andomaje	\$ 200.00
Apple	Deteryorasyon eksèsif (adezif, sal, twou ak mak eks.)	\$25 - \$150

*\* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

## **Lekòl Leta Miami-Dade County** **Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

### **Lenovo Yoga 11e (Laptòp)**

<b>Fabrik</b>	<b>Deskripsyon</b>	<b>Frè Total pou Reparasyon*</b>
Lenovo	Lenovo Yoga 11e (ranplasman Laptop sèlman)	\$ 459.00
Lenovo	Adaptè Elektrik ki Pèdi/Vòlè	\$ 45.00
Lenovo	Fil Kab DC	\$ 55.50
Lenovo	Ekran LCD Fraktire	\$ 159.00
Lenovo	Bwat Ekran Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Klavye Domaje	\$ 65.00
Lenovo	Klavye 'Bezel' Domaje	\$ 75.00
Lenovo	Bouton Bwat Domaje	\$ 65.00
Lenovo	'Track Pad' Kraze/Domaje	\$ 75.00
Lenovo	'Track Pad' Kraze/Domaje	\$ 59.00
Lenovo	Devan Kouvèti 'Bezel' LCD	\$ 65.00

*\* Tout pri yo gen ladan depans reyèl pou pyès ak mendèv; pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

### **Aparèy 'Sprint Hotspot Device' (Selilè 'Hotspot')**

<b>Fabrik</b>	<b>Deskripsyon</b>	<b>Frè Total pou Reparasyon*</b>
Sprint	"Selilè Hotspot" SPRINT (ranplasman aparèy la sèlman)	\$ 167.00
Sprint	Adaptè Elektrik pou "Selilè Hotspot" SPRINT	\$ 29.99

*\* Tout pri yo ka chanje pa rapò ak disponiblite ak ajisteman nan pri endistri a.*

- Elèv dwe gen pèmasyon pou sèvi ak òdinatè mobil la pandan yo nan Lekòl Leta Miami-Dade County.
- Itilizasyon aparèy mobil la dwe fèt selon Règ Itilizasyon Akseptab M-DCPS.
- Yo dwe itilize aparèy mobil yo pou objektif edikasyonèl sèlman.
- Elèv ak Paran ap responsab pou founi materyèl yo mande an koneksyon avèk aparèy mobil yo e y ap founi materyèl sa yo. Tout materyèl, ki gen ladan disk, ak lòt pwogram pou estoke enfòmasyon, dwe satisfè espesifikasyon aplikab fabrik aparèy mobil la.
- Elèv ak Paran pap ka fè okenn modifikasyon nan aparèy mobil la oubyen ajoute atachman, ekipman oubyen pwogram ladan san yon pèmasyon ekri klèman ki soti nan M-DCPS.
- Elèv ak Paran dakò pou yo avize M-DCPS imedyatman si gen nenpòt pèd, domaj, oubyen disfonksyonman nan nenpòt pati nan aparèy mobil la pou kèlkeswa rezon an.
- Aparèy mobil la se pwopriete M-DCPS e li dwe rete pwopriete M-DCPS.
- Dwa elèv la pou itilize aparèy mobil la ap ekspire e Elèv la dwe remèt aparèy mobil la bay M-DCPS si Elèv la pa pran responsablite li selon Akò sou Aparèy Mobil la.
- Pa mete okenn kolan oubyen mak dirèkteman sou ekipman an.

## **Lekòl Leta Miami-Dade County Akò 2016-2017 sou Aparèy Mobil**

Silvoulè siyen paj sa a e remèt li bay lekòl la. Kenbe kontra a pou dosye ou.

\_\_\_\_\_  
Non Elèv la (Enprime)      #Idantifikasyon      Lekòl

Nou prete elèv ki gen non li anlè a aparèy mobil e/oubyen selilè 'hotspot' ki endike anba a.  
(*Seleksyone Youn*)

	Notebook 210 G1		HP X360-310 Convertible		SPRINT Cellular Hotspot
	ProBook 11EE		Lenovo X131E		MacBook Air 11"
	ElitePad 900		Lenovo X230		MacBook Air 13"
	Pro Tablet 10 EE G1		Lenovo Yoga 11e		

### Akseptasyon

ELÈV AK PARAN/GADYEN REKONÈT YO LI AKÒ SA A, YO KONPRANN LI, E YO DAKÒ POU YO RESPEKTE TÈM AK KONDISYON KI LADAN. ANPLIS, ELÈV AK PARAN DAKÒ AKÒ SA A REPREZANTE YON KONPREYANSYON E YON ANTANT KONPLÈ ANT KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA (M-DCPS) AK PARAN AN E ELÈV LA NAN RESPÈ SIJÈ KI NAN DOKIMAN AN. OKENN LÒT REPREZANTASYON, DEKLARASYON, AKÒ, OUBYEN KONPREYANSYON, MENM SI LI ALORAL OUBYEN ALEKRI PA TA DWE VALID OUBYEN APLIKAB OUBYEN GENYEN OKENN EFÈ IREVOKAB AMWENSKE LI EKRI NAN AKÒ SA A. YO PA KAPAB CHANJE, AMANDE, OUBYEN MODIFYE AKÒ SA A SAN APWOBASYON KI EKRI KLÈMAN KI SOTI NAN KOMISYON KONSÈY LEKÒL (M-DCPS). KÈLKESWA CHANJMAN, MODIFIKASYON, OUBYEN AMANDMAN KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA APWOUVE NAN AKÒ SA A, LI DWE FÈT ALEKRI.

Mwen li e mwen konprann tèm ak kondisyon Akò anwo a, e mwen dakò ak tout tèm ak kondisyon ki ladan.

\_\_\_\_\_  
Dat Akò a Fini

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Gadyen an

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Dat yo Remèt li

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Gadyen an

\_\_\_\_\_  
Dat